

Atik 1557: Asire Kominikasyon ki Efikas ak Moun ki Andikape yo ak Aksesiblite pou yo

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal sou dwa sivil nan Affordable Care Act (Lwa sou Swen Abòdab) 2010 la. Atik 1557 la entèdi diskriminasyon nan asirans sante pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante. Règleman final Atik 1557 la aplike pou tout pwogram sante oswa aktivite sante, nenpòt pati ladan yo ki resevwa finansman nan men Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun) tankou, lopital ki aksepte Medicare oswa doktè ki resevwa pèman Medicaid; Health Insurance Marketplaces (Akò pou Asirans Sante) oswa konpayi ki patisipe nan Akò sa yo; ak tout pwogram sante HHS nan jere menm.

Pwoteksyon pou Moun ki Andikape yo

- Konfòmeman ak obligasyon ki egziste deja yo, Atik 1557 la egzije enstitisyon ki konsène yo pou yo pran mezi ki apwopriye pou asire ke kominikasyon ak moun ki andikape yo pi efikas ke posib menm jan ak kominikasyon ak lòt moun yo. Atik 1557 la egzije tou pou enstitisyon ki konsène yo bay lòt èd ak sèvis ki apwopriye tankou lòt fòm a k entèprèt langaj siy lè li nesèsè pou kominikasyon an ka efikas.
- Enstitisyon ki konsène yo dwe afiche yon avi sou dwa konsomatè yo, lè li bay enfòmasyon sou asistans pou kominikasyon ki disponib pami lòt enfòmasyon ki genyen yo.
- Yo egzije enstitisyon ki konsène yo pou rann tout pwogram ak aktivite yo bay atravè sistèm elektwonik ak teknoloji enfòmasyon yo aksesib pou moun ki andikape yo, amwenke lè yo fè sa, sa t ap egzije limit finansye oswa limit administratif oswa sa t ap lakoz yon chanjman fondamantal nan nati pwogram sante oswa aktivite enstitisyon ki konsène a.
- Atik 1557 la antre nan Nòm Americans with Disabilities Act Standards (Lwa sou Ameriken ki Andikape) 2010, pou Konstriksyon ki Aksesib antanke nòm ki konsène aksè fizik nan nouvo konstriksyon yo oswa modifikasyon nan bilding ak etablisman yo. Yo deja egzije prèske tout enstitisyon ki konsène yo pou yo soumèt yo ak nòm sa yo.
- Enstitisyon ki konsène yo pa ka aplike pratik maketing oswa ofri benefis ki fè diskriminasyon sou baz enfimite.
- Enstitisyon ki konsène yo dwe fè chanjman ki rezonab nan politik, pratik ak pwosedi yo kote ki nesèsè pou yo ka bay aksè ki ekitab pou moun ki andikape yo, amwenke enstitisyon ki konsène a ka demontre ke lè l fè chanjman yo sa t ap chanje nati pwogram sante oswa aktivite a fondamantalman.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ale sou <http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557>.